



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/12/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GRAN OUVÈTI NOUVO TEYAT VARSITY KI FENK RENOVE NAN PATI LÈS BUFFALO

\$150,000 sibvansyon ki soti nan Konsèy Developman Ekonomik Rejyon Lwès New York Gouvènè a re-ouvè peyzaj katye yo pou piblik la, revitalize koridò biznis Bailey Avenue

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse gran ouvèti Teyat Varsity, yon espas aktivite mizk ak plizyè fonksyon ki fenk renove ki lokalize nan 3165 Bailey Avenue sou pati Lès Buffalo. Yo te fè travay renovasyon enpòtan nan peyzaj katye yo avèk yon sibvansyon inisyativ lben \$150,000 ki soti nan Twazyèm Seri Inisyativ Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Gouvènè a.

"Envestisman pou renove peyzaj kiltirèl ak istorik enpòtan tankou Teyat Varsity esansyèl pou bati kominate dinamik ak solid," **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Grasa travay san relach Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal ansanm avèk patnè li yo nan kominate a, Buffalo kontinye pou l yon modèl pou kapitalize resous rejyon an pou devlope ekonomi l."

Yo te afeke sibvansyon \$150,000 a Asosyasyon Developman Distri Kominotè Inivèsite a pa New York State Homes and Community Renewal pou sipòte renovasyon konplè nan teyat la. Pwojè a te transfòme teyat la an yon espas aktivite plizyè-fonksyon ki gen ladan espas teyat 300 plas, ansanm avèk graden ak yon sal bankè ki kapab akomode 270 kliyan anplis. Travay anplis gen ladan renovasyon sistèm HVAC, novo twalèt, sal abiye, miray ensile ak pòt soti ak travay reparasyon achitekti.

Teyat Varsity konplete lòt envestisman eta kap kontinye pwomote pwogrè ak redvelopman nan kominate Buffalo ak anba laval. Nan dat 2 Fevriye, Gouvènè Cuomo te anonse aplikasyon finansman ki disponib grasa dezyèm seri \$30 milyon Fon Better Buffalo, yon konpozan enpòtan nan pwojè dedye Buffalo Billion ki ankouraje dansite ak kwasans nan koridò transpòtasyon epi revitalize distri katye komèsyal yo.

"Sa se egzakteman kalite pwojè ke Gouvènè Cuomo gen entansyon pou delvope grasa Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal," **te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul**, ki prezide komisyon an. "Nan kreye espas modèn, vèsatil ak espas kominotè avangadis tankou sa, nap bay novo souf ak stabilite nan kominate nou yo. Sa a se yon viktwa pou Bailey Avenue ak pati Lès Buffalo."

Varsity a te bati nan 1926 e li te rekoni pa anpil non tankou Circle Arts, Capri Art Theatre, ak Uptown Theatre of Performing Arts anvan li te fèmen pòt li. Yo te achte teyat la nan 2010 pa Ibrahim Cissé, Prezidan Asosyasyon Biznis Bailey Avenue. Teyat la ap ofri pwojesyon fim, mizik, pèfòmans sou sèn, ak òganize aktivite kominotè.

Ibrahim Cissé, Prezidan ak fondatè Asosyasyon Biznis Bailey te deklare, "Teyat Varsity mete an limyè Bailey Avenue e li montre ke se moman pou katye nou yo briye. Nou remèsye Gouvènè Cuomo paske li te sipòte pwojè plizyè-fonksyon sa. Kounye a, pou premye fwa nan yon deseni, pòt bilding istorik sa ap ouvè pou konsè, lekti, festival ak maryaj. Jodia nou vrèman gen yon bagay pou nou selebre pati Lès Buffalo."

Ko-Prezidan ak Prezidan SolEpoxy Inc. Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Jeff Belt te deklare, "Pwojè Teyat Varsity se yon egzanp ekselan sou kijan pwosesis REDC a ap travay pou monte kominote yo nan reponn a bezwen katye yo. Nou aplodi teyat la sou gran ouvèti l e nap rete tann pou n wè moun sila yo ki pral nan teyat la, aktivite edikasyon, fim ak rasanbleman kominotè. Konpliman paske yo te kreye yon espas reyinyon dinamik sou pati Lès Buffalo"

Ko Prezidan Western New York Regional Economic Development Council ak Prezidan University at Buffalo, Satish K. Tripathi te deklare, "Teyat Varsity se yon pwojè enteresan pou kominote nou an. Teyat la se yon pwen kiltirèl pou rezidan nan pati Lès yo ka pwofite de pwodiksyon teyatral, ale nan klas epi patisipe nan yon varyete aktivite kominotè. Teyat istorik la te yon pati enpòtan nan pati Lès la pandan plizyè jenerasyon e nou imajine menm bagay la pou jenerasyon kap vini yo."

Senatè Timothy Kennedy te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk Konsèy Developman Ekonomik Rejyon Lwès New York paske yo envesti nan renesans peyizaj enpòtan sa. Mwen te fyè paske m te sipòte yon sibvansyon eta pou remete anblèm Buffalo sa nan lavi, e grasa angajman Ibrahim Cisse, kominote a kounye rejwenn teyat la. Kounye a nou genyen yon atou enkwayab nan lakou nou ki non sèlman konsève istwa pou pwochen jenerasyon yo, men stimile developman ekonomik epi ofri bon jan kalite eksperyans amizman pou moun tout laj ka pwofite."

Manm Asanble Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Mwen kontan paske mwen wè Teyat Varsity retounen nan lavi. Sa a pral vini yon gwo plas rasanbleman pou katye Bailey Avenue ak yon katalis pou developman kontinyèl kominote sa. Mwen vle remèsye e Mesye. Cissé pou vizyon ekstra-òdinè l, ansanm avèk Gouvènè Cuomo pou sipò l."

Majistra Vil Buffalo Byron Brown te deklare, "Mwen felisite Ibrahim Cissé nan detèminasyon l pou reyalize pwojè sa e angajman Distri biznis Bailey Avenue ak katye yo. Teyat Varsity ap yon atou reyèl pou katye sa e nap kontinye wè kalite eksitasyon ak envestisman nan katye yo toupatou nan vil la."

Komisyonè New York State Homes and Community Renewal James S. Rubin te deklare, "Ajans Developman Kominotè Distri Inivèsite a se otè novo chapit sa pou Teyat Varsity. Kominote sa te mete ansanm pou fè konpetisyon e yo te genyen

finansman esansyèl ki soti nan Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal Gouvènè a. Yon kominote kap devlope se yon kominote ki solid – nou menm nan HCR fyè de wòl ke nou anmezi pou jwe pou pote powjè tankou Teyat Varsity nan reyalizasyon."

Prezidan, PDG ak Komisyònè Empire State Development Howard Zemsky te deklare, "Nou kontan paske WNYREDC te jwe yon wòl enpòtan nan revitalizasyon teyat istorik Varsity nan pait Lès Buffalo. Teyat la ap sèvi kounye a kominote a nan yon varyete fason, pote yon nouvo vitalite nan katye a epi bay yon plas reyinyon pou rezidan yo nan zòn lan pou pwofite de yon varyete etandi ak aktivite. Konpliman a tout moun ki te travay san relach pou pote Teyat Varsity retounen nan lavi."

Direktè Egzekitif Asosyasyon Developman Kominotè Distri Invèsite a Roseann Scibilia te deklare, "Katye yo vin gran lè teyat la vin yon senbòl de sa yon kominote ka akonpli lè lap travay nan direksyon yon vizyon komen. Ekite syè te vini nouvo kapital Distri Invèsite a e nou espere ke sa se yon kòmansman!"

Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal

Insyativ Konsèy Developman Ekonomik Rejyonal (REDC) se yon eleman enpòtan nan apwòch transfòmasyon Gouvènè Andrew M. Cuomo nan envestisman ak developman ekonomik Eta. Nan ane 2011, Gouvènè Cuomo te kreye 10 Konsèy Rejyonal pou devlope plan estratejik alontèm pou kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya publik-prive ki fòme avèk espè lokal ak moun ki konsènen ki nan biznis, akademi, gouvènman lokal ak òganizasyon ki pa nan gouvènman. Konsèy Rejyonal yo te re-defini fason New York envesti nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch ki baze sou kominote, apwòch soti anba pou monte ak kreye yon pwosesis konpetitif pou resous Eta a. Apre senk wonn nan pwosesis REDC, yo te bay preske \$4 milya pou plis pase kreyasyon 4,100 djòb ak pwojè developman kominotè ki konsistan avèk plan stratejik chak rejyon, sipòte kreyasyon oswa konsèvasyon plis pase 200,000 djòb.

Depi senkan, chak REDC te garanti yon kantite lajan resous enpòtan pou rejyon yo, totalize \$356.4 milyon ki sipòte 429 pwojè.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou konsèy rejyonal yo, tanpri ale sou sitwèb www.regionalcouncils.ny.gov.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418